

# Klarifikasyon Sou Desizyon Final Pou Chaj Piblik, Ane 2022

Depatman Sekirite Enteryè Ameriken an (DHS), te pibliye yon desizyon final ki dwe parèt nan Rejis Federal la, ki pote klète ak koyerans pou moun ki pa sitwayen yo sou fason DHS pral jere motif iresevablite pou chaj piblik. Desizyon an retabli konpreyansyon istorik sou 'chaj piblik' ki te anvigè pandan plizyè dizèn ane, jiskaske Administrasyon anvan an te kòmanse konsidere benefis siplemantè sante piblik tankou Medicaid ak èd alimentè kòm yon eleman nan detèminasyon motif iresevablite pou chaj piblik. Desizyon ki te anonse jodi a temwanyen angajman Administrasyon Biden nan pou retabli konfyans nan sistèm imigrasyon legal nou an.

Yon moun ki pa sitwayen ka konsidere kòm yon 'chaj piblik', sa vle di ke li gen anpil chans vin prensipalman depandan de gouvènman an pou sibzistans li, kapab wè yo refize li admisyon oswa rezidans pèmanan legal (yo rele li souvan kat vèt). Anvan 2019, prèske tout benefis gouvènmanal ki pa lajan kach tankou Medicaid oswa èd alimentè yo te eskli, yo pa t pran ankont. Règleman 2019 la, ki te finalman anile epi ki pa anvigè ankò, te lakòz yon bès enskripsyon nan pwogram sa yo pami moun ki pa sijè ak motif iresevablite pou chaj piblik, tankou timoun sitwayen Ameriken nan fwaye ki gen estati miks. Piblikasyon règlemantasyon sa a nan Rejis Federal la ap evite efè sa yo nan kodifye fòmèlman konpreyansyon istorik tèm nan.

## Avèk desizyon sa a, DHS ap chèche mete anplas motif iresevablite ki lye avèk chaj piblik la nan yon fason ki:



Bay sètitud pou piblik reglemante a;



Pa egzije ranpli pil nouvo fòmilè ak dokiman jistifikatif;



Konfòm avèk oryantasyon kongrè a;



Pa etabli estanda konplike e ki pote konfizyon;



Klè ak konpreyansib pou ajan yo ak pou moun ki pa sitwayen ak fanmi yo;



Pa aplike pou demann ak petisyon pwolongasyon sejou ak chanjman estati non-imigran; ak



Mennen nan jijman ki jis ak sistematik pou redwi risk pou yo trete inegalman moun yo ki nan sitiyoasyon sanblab yo;



Pa neglije enpòtans pou evite " efè paralizan", sa vle di dekouraje yon moun patisipe nan pwogram enterè piblik, akòz krent pou konsekans negativ nan zafè imigrasyon menm si moun nan pa gen anyen pou l wè avèk règlemantasyon sa a an premye lye.



Elimine baryè ki pa nesesè pou demandè yo; ak



Evite dekouraje moun ki pa sijè avèk motif pou chaj piblik la itilize benefis piblik.



U.S. Citizenship and Immigration Services